

# PREPARASYON AK REPONS POU TANPÈT

Liy Enfòmasyon sou Èd Eta a bay 1-800-342-3557  
FloridaDisaster.org

## PWOTEKSYON KONT MONOKSID KABÒN

### Monoksid Kabòn (CO)

CO se yon gaz envizib, ki pa gen sant, ki pa gen gou epi ki mòtèl anpil. Respire CO kapab lakoz fatig, feblès, lestomak fè mal pou moun ki gen maladi kè yo, souf kout, doulè nan lestomak, vomisman, tèt fè mal, konfizyon, pwoblèm oryantasyon, endispozisyon, epi nan ka ki pi grav yo, lanmò.

*Ou pa kapab ni wè ni pran sant monoksid kabòn. Si ou santi ou kòmanse malad, ou gen tèt vire oswa fèb, al yon kote ki gen bon lè san pèdi tan.*



LAFIMEN  
DÈLKO

Pami Faktè  
Risk pou  
Kontamine a,  
Gen



LAFIMEN  
RECHO  
BABEKYOU



MACHIN YO UTILIZE  
ANNDAN



LAFIMEN KI  
SOT NAN LANP



KÈ PLEN,  
VOMISMAN

Pami Siy  
ak Sentòm  
Anpwazònman  
an, Gen



TÈT VIRE,  
FEBLÈS



DOULÈ NAN LESTOMAK  
KONFIZYON



TÈT FÈ MAL

### Dèlko Pòtatif Yo Pwodui Gwo Nivo CO Byen Rapid

- Pa janm itilize yon dèlko anndan kay ou!
- Toujou kite dèlko yo oswa motè ki pran gazolin yo deyò epi nan yon distans omwen 20 pye parapò ak lakay ou.
- Pa limen chabon bwa oswa recho gaz anndan yon kay oswa yon garaj, machin, tant, oswa chemine.

### Alam Pou Co Yo Sove Lavi

- Enstale alam CO ki fonksyone sou batri oswa alam CO ki gen plòg kouran ak batri sekou nan chak chanm lakay ou.
- Teste alam CO yo regilyèman.

### Anpwazònman nan CO

Pou anpwazònman nan CO ki grav, rele 911 oswa Sant Enfòmasyon sou Pwazon Florida a nan 1-800-222-1222.